ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№29 (23.187) • 2016 гъэм мазаем (февралым) и 18, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий УФ-м и Къэрал Думэм Лъэпкъ Iуэхущхэмкlэ и комитетым и унафэщI Сафаралиев Гаджимет хуэзащ

КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Лъэпкъ Iуэхущхэмкlэ и комитетым и унафэщI Сафаралиев Гаджимет.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэм ехьэлIа къэрал политикэр пхыгъэкIыным, 2016 гъэм Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр, гъэзэщIакIуэ властым и адрей Iэнатlэхэм я депутатхэр зэрыхахынум зыхуэгъэхьэзырыным пыщIа Iуэхуэхэм. Лъэпкъыутlми къыхагъэщхьэхуэкIащ цIыхуэхэм пэрыуэ щымыIэу Iэ яIэтын, хэхыныгъэхэр законодательствэм тету ирагъэкIуэкIын папщIэ зыхуэфащэ Iэмалхэр къыззэгъэпэщын зэрыхуейр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

Афганистаным и ветеранхэм я зэгучъэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм иригъэкIуэкIащ совет зауэлIхэр Афганистаным къызэрырашыжрэ илъэс 27-рэ зэрырикъум. Теухуа зэIущIэ. Абы щытепсэльыхьащ афган зауэм и ветеранхэм, абы ныкъэдыкъуэ щыхъуэхэм, хэкIуэдахэм я унагъуэхэм уаэзрыдэIэпыкъу хъуну Iэмалхэм. ЗэIущIэм хэтащ республикэм и министерствэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лы-кIуэхэр, афган зауэм и ветеранхэр.

АФГАН зауэм и ветеранхэм я зэгучъэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Тхьэгъэлэдж Тимур** къызэрыхигъэщамкIэ, мы зэманым ветеранхэр гугъуехь куэдым пэщIэтIэ, хущхьэхэр зэрыльэпIэм, пенсэр зэрымащIэм, ныкъэдыкъуэхэм медицинэ Iэхуэтхьэбзэ зэпымыууэ хуеин зэрыхьум, нэгъэщIхэми ехьэлIауэ.

- Ветеранхэм зэрызыщIагъакъуэ Iэхуэхэр убзыхуауэ щыIэщ. Ауэ ди къэралыр иджыпсту щытыкIэ гугъум зэритым кьыхэкIыу, ахэр псори нэсу гъэззэщIа хъэрыкъым. ЗауэлI-интернационалистхэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ дэ Iэмалу щыIэр къэдулъэпхъэщын хуейщи, ди зэIущIэм кьрихьэлIахэм я гупсысэ зэхэдзэ дыхуэныкъуэщ, - жиIащ Тхьэгъэлэджым.

- ПщIэшхэр щIэттащ афган зауэм - цIыху гъащIэкIи узынщагъэкIи. ХэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм нобэми ягъэв а гууэр. Абы къыхэкIыу гулъытэ хэха яхуэщIыпхъэщ ветеранхэм. Пэжщ, иужьрей илъэсхэм къэралыр иужь итщ абыхэм зэрадэIэпыкъуным. Ауэ ар мащIэщ, - жиIащ ЦIыхум и хуитныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис**. Абы фIыщIэ яхуищIащ зэIущIэр кьыззэгъэпэщащхэм.

КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхуэхэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Романовэ Еленэ** тепсэльыхьащ афган зауэм ныкъэдыкъуэ хуащIэфынум. Ар къытеувыIащ зауэм и ветеранхэмрэ хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ я унэхэр зэрахьэныкъуэ ЖКХ-мрэ трагъэкIуэдэ ахъшэм щыщ зэрыратыжынум.

- КъБР-м и къэрал дамыгъэ зыхуагъэфэщащэм, цIэ лъапIэ зыфIащахэм мазэ кьэс хущIагъэнущ я улахуэм е пенсэм и процент 15-м хуэдиз. ЛэжьапIэнщэхэмрэ пенсэ кIуахэмрэ иратынущ сом 1000, - къыхихыгъащ абы.

Ветеранхэм ягъуэт медицинэ Iэхуэхтхьэбзэхэм кьытеувыIащ КъБР-м узынщагъэр хъумэныкIэ и министрым и къуэдзэ **Асанов Алим**.

- Ветеранхэм ящыщ куэдым медицинэ Iэхуэхтхьэбзэхэр щыхуащIэ Геронтологиемкlэ центрым. 196-р диспансер учётым щытщ. Пыготэ яIэщ фошыгъу уз зыпкърытхэм. Ветеранхэм ягъуэт медицинэ хуэIухуэщIэм текIуадэр федеральнэ, республикэ бюджетхэм къыхокI, - игъэбелджылащ абы.

Ди зауэлIхэр Афганистаным къызэрырашыжрэ илъэс 27-рэ зэрырикъумкIэ кьрихьэлIахэм ехьэхуэщащ КъБР-м Граждан жылагъуэ Iэхуэщlапlэхэм ядэлэжьэныкъэ лъэпкъ Iуэхуэмкlэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Гергоков Джамбулэт**.

Афганистаным и ветеранхэм я зэгучъэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кьыбгъэдэкIыу медалхэмрэ щIыхь тхьилъэмрэ иратащ ветеранхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным зи гуащIэ хэзыльхьэхэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● ЗэIущIэхэр

Гулъытэр нэхъыбами хъунут

● АПК

Мы гъэми зэрыкIуэнум зыхуагъэхьэзыр

Iэщышхуэу 11300-рэ, мэлрэ бжэну мин 303-рэ, щыуэ 2000-м нэблагъэ нэгьабэ Хьэмащэ гъэмахуэ хъупIэм щаIыгъащ. Аэр Iэщыхъуэрэ Iэщагъэлiу 320-м нэсым зэрахьащ.

ХЬЭМАЩЭ хъупIэм и штабым и унафэщI Шурдым Борис къызэрыджIамкIэ, удзыр пасэу къызэрызэщIэрыуам и фIыгъэкIэ, гъэшрэ лыуэ кьалэжьым зэпымыууэ хагъэхуащI. Кьапщтэмэ, гъэмахуэкум ирихьэлIэу жэщ-махуэм хуэзэу къашыр килограмм мин 18-м нэсат. Шэм и Iувагъыр мардэм щIигъурт.

- ЦIыхухэм гулъытэ зэрагъэтам Iуэхур ящирэпсынщIащ. Штабымрэ Къэуштан хъупIэмрэ дохутыр-фельдшер пунктхэр щыIэжащ, фермэхэмрэ псэуалъэхэмрэ токкIэ ирикъуу къызэрагъэпэщащ, быламым я узынщагъэм зэпымыууэ кIэлъыплъащ. Къехьыжьыу, зэрфIэкI къагъэлъагъуэу хъупIэм щылэжьащ «Нэхущ-Р», «Настаев», «Заря», «Джатэ», «Бэлей» мэкъумэшыщIэ-фермер хозяйствэхэмрэ агрофирмэхэмрэ. Мы зэманым я Iэщыр зэпэщу щIымахуэ щIагъэкI. Гъатхэ дызыхуэкIуэм Къушъхьэхьэм зэрыкIуэнум зыхуагъэхьэзыр. Я Iэщlагъэлlхэр дэкIыурэ, фермэхэм я щытыкIэр зрагъэлъагъу, псэуалъэхэр зэрагъэпэщыж, зыхуей хуагъаз. Гъэ кьэс хъупIэхэм щылэжьэну хуейхэм кьахохьуэ. Апхуэдэ мурад зиIэхэм я тхылъхэм дыхоплъэ, я кьалэным пэлъэщыну кьэтльытэхэр кьыхьдох, Iуэхум хыдогъэгъуазэ, - кьыхигъэщащ Шурдым Борис.

Iэщlагъэлlхэм кьызэралъытамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэмахуэ хъупIэхэм гъэ кьэс май-фокIадэ мазэхэм кьриубыдэу Iэщышхуэу минищэм нэблагъэ, мэлу мин щищым щIигъу щыпхуэIыгъынущ.

МЫСОСТ Алий.

«РусГидро» акционер обществэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и хэщIапIэм нэгъабэ зэфIагъэкIахэр щызэхалъхьэжащ.

КъызэрагъэлъэгъуамкIэ, абы и гидроэлектростанцхэм токыу киловатт-сыхьат мелуан 478,6-рэ кьалэжьащ. Ар ипэ ита ильэсым яхуэзфIэкIам нэхъ рэ киловатт-сыхьат мелуан 86-кIэ нэхъ мащIэщ. Щхьэусыгъуэр псыдзэм и зэманым псыгэнхэр кьагъэкъабзэн, ремонт лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIын зэрыхуейм кьыхэкIыу, Шэрэдж Ищхьэрэ ГЭС-хэм я каскадым и станцхэм я зэфIэкIым хэпщIыкIыу зэрыкIэрагъэхуарщ. Абы къыдэкIуэу, Шэджэм, Бахъсэн псыхэм нэгъабэ зэхуахьэсар гъэкIэрэ зэрыхъум нэхърэ куэдкIэ нэхъ мащIэщ.

«РусГидро» ПАО-м и щIыналъэ къудамэм и пресс-Iуэхущlапlэм и унафэщI Бахькъыз Алим къызэрыджIамкIэ, кьалэжьа токым щыщу киловатт-сыхьат мелуан 471,2-рэ фейдэ пылъу кьагъэсэбэпащ. Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщыжыным, псэуалъэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ зыхуей хуэгъэзэным сом мелуан 65,7-рэ, станцхэм я лъэщагъым зэгъэпэщыжь, зыхуей хуагъаз. Гъэ кьэс хъупIэхэм щылэжьэну хуейхэм кьахохьуэ. Апхуэдэ мурад зиIэхэм я тхылъхэм дыхоплъэ, я кьалэным пэлъэщыну кьэтльытэхэр кьыхьдох, Iуэхум хыдогъэгъуазэ, - кьыхигъэщащ Шурдым Борис.

Iэщlагъэлlхэм кьызэралъытамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэмахуэ хъупIэхэм гъэ кьэс май-фокIадэ мазэхэм кьриубыдэу Iэщышхуэу минищэм нэблагъэ, мэлу мин щищым щIигъу щыпхуэIыгъынущ.

МЫСОСТ Алий.

● Энергетикэ

Я къалэнхэм тэмэму йохъулIэ

пкъыгъуэхэр, гидромеханикэ оборудованэхэр зэрагъэпэщыжащ. Псалъэм папщIэ, автоматикэ системэхэр, Аушыджэр ГЭС-м и япэ, и ещанэ, Бахъсэн станцым и ещанэ, Къэущкъэтау гидроэлектростанцым и ещанэ гидроагрегатхэр кьызыхуэтыншэу ремонт ящIащ.

Налогрэ фIэкIыпIэншэу кьыхах ахъшэу сом мелуан 599,2-рэ бюджет лIэужьыгъуэ псоми нэгъабэ хилъхьащ. Ар 2014 гъэм зэрыхъуам сом мелуани 107,8-кIэ щIегъу. Бюджетым щымыщ фондхэм сом мелуан 54,3-рэ игъэкIуащ, псыр кьызэригъэсэбэпым пэкIуэу сом мелуани 4,8-рэ итащ.

ПсапащIэ Iуэхуэхэм сом мелуани 2,5-рэ хухихащ. ПIалъэ кIыхьым тещIыхьа «Ток къабзэ» программэм хьихьэу, гъэсапIэхэм, еджапIэхэм, медицинэ Iуэхущlапlэхэм, сабий библиотекэхэм защIигъэкъуащ. Республикэ Сабий фондым сом мин 250-рэ хилъхьащ. ТекIуэныгъэ Иным и юйлейм ирихьэлIэу, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я псэупIэр зэгъэпэщыжыным и Iуэхум сом мин 870-кIэ хыхьащ, «Рожденные энергией» программэм тету, щхьэхуэу хухиха сом мелуанрэ минищэмкIэ республикэ сабий клиникэ сымаджэщым Iэпкъльэпкъыр зыгъэтынш Iэмэпсымэ кьахуищэхуащ. КьищыкIэмыщIауэ, экологие проектхэм ящкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал бгы лъагэ заповедникым щыIгъуу, «Безенги мылыльэм хуэкIуэу» экологие лъагъуэм и етIуанэ Iыхьэр кьызэIуахащ. Иджы абы и кIыхьагъыр метр 1500-м нос.

«РусГидро» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм мегаватти 157,5-рэ зи льэщагъ гидроэлектростанцих кьегъэсэбэп. Апхуэдэщ Шэрэдж Ищхьэрэ каскадым и Аушыджэр, Къэущкъэтау ГЭС-хэр, Урысейм щынэхъыжь дыдэхэм ящыщ Бахъсэн ГЭС-р, зи льэщагъыр нэхъ мащIэ зэрыщIащ. Псори кIэнауэкIэ кIыхьаша псыкIэ мэлажьэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэдзыкIакIуэхэ!

Мазаем и 21 пщIондэ Iэ щIэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ гъатхэпэм и 1-м щыщIэдзауэ. МазипIым ди газетым и уасэр сом 559-рэ кIэпIейкIэ 92-рэщ.

Ди индексыр 51531

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Пенсэм хагъахъуэ

АБХЪАЗ. ***Урысейм и Пенсэ фондым Абхъазым иритащ сом мелуан 400. Федеральнэ ахъшэр трагъэкIуэдэнущ урысей гражданствэ яIэу Абхъазым щыпсэуэхэм я пенсэм хагъахъуэным.***

УРЫСЕЙ Федерацэмрэ Абхъаз Республикэмрэ мы Iуэхуэмкlэ нэгъабэ зэращIыгъ. Iуэхуэгъунущ зи пенсэр сом 10179-м нэмысхэм.

Сом мелуан 355-рэ текIуэдэнущ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм щыIэзрагъэпэщыж Гъуэбэхуей къуажэм пэгъунэгъу Пщыщ псым телъ лъэмыжыр. Абы сом мелуан 355-рэ трагъэкIуэдэнущ.***

МЕТРИ 114-рэ хъу лъэмыжым нэгъабэ дыгъэгъазэм елэжьын щIадзащ, 2016 гъэм и кIэм яухыну я мурадщ. Адыгейм и премьер-министр КIумпIыл Мурат зэрыжиIамкIэ, ильэс къэс абы ирикIуэ транспортыр нэхъыбэ мэхъури, лъэмыж быдэфI, сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ тетлъхьэным мыхьэнэшхуэ иIэщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Иджыри пащэ

Франджым щагъэува хабзэ хэхам тету абы и щIыхуэхэр иджыри мазищкIэ пэсунущ. Апхуэдэ унафэ хъиштащ къэралым и парламентым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ильэс кIуам щэкIуэгъуэм и 15-м Парижи нэгъуэщI щIипIэхэми щалажьэ терактэм щIыхуи 130-рэ хэкIуэдауэ, пщы бжьгъэхэм фэбжь хьэлъэхэр ягъуэтауэ щытащ. Абы кьыхэкIыу къэралым кьызэрымыкIуэ щытыкIэ щагъэуваращ, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ.

Франджым и законымкIэ, апхуэдэ хабзэ хэхам кьытекIыжьыным е абы и пIалъэм пыщанымэ и унафэр зыщIыр парламентым и заукъуэдж. Нэхъапэм зэрауб-зыхуам ипкъ иткIэ, мазаем и 26-м къэралыр мамыр псэукIэм техьэжьын хуейт, ауэ депутатхэм абы хуэкIуэжьыну иджыри пасэу жаIащ. Европэм и адрей къэралхэми зэрыщымышынагъуэншэми Iуэхур зэрыт-ращIыхьам шэч хэлъкъым.



◆Урысей Федерацэм и Транспорт полицэм и махуэщ

◆1911 гъэм пощтыр зэбгрыхьынымкIэ кьхъухьлъатэ япэ дыдэу кьыгъэсэбэпащ. Ар кьыщыхъуар Индиерщ: Аллахабад икIыу Наини кIуэ кьхъухьлъатэм письмо мини 6,5-рэ, нэгъуэщI корреспонденцэу 250-рэ ильащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми «КьхъухьлъатэкIэ зэбграха япэ пощт» мыхъур тегъэуат.

◆1924 гъэм Налшык Пениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ кьалэ цIыкIу кьыщыззIуахащ.

◆1930 гъэм США-м щыщ астроном Томбэ Клайд Уильям Плутон планетэр зэрыщIэр кьихутащ.

◆1943 гъэм Адыгейр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм кьыIэщIагъэкIыжащ.

◆1945 гъэм Австриемрэ нэмыцэхэм щаIа Матхаузен гъэрэщым фашистхэм щауакIащ генерал-лейтенант, дзэ щIэныгъэхэм я доктор, Совет Союзым и ЛIыхъжь Карбышев Дмитрий.

◆1960 гъэм Скво-Вэлли (США) кьыщызэIуахащ VIII щIымахуэ Олимп джэгуэгъэ. Ахэр мазаем и 28 пщIондэ екIуэкIащ. Абы щыгъуэщ биатлонымрэ олимп зэхьэзэхуэхэм хагъэхьэжауэ щыщытар (1948 гъэм и ужькIэ хагъэхIауэ щытащ).

◆Италием щыщ физик, химик цIэрыIуэ, электроуэздыгъэм теухуа щIэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа **Вольтэ Алессандрэ** кьызэралъхурэ илъэс 271-рэ ирикъуащ.

◆Италием щыщ конструктор, автомобиль кьыщIэзыгъэкI компание кьызэзыгъэпэща **Феррари Энцо** кьызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирикъуащ.

◆ТхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуэдзокъуэ Хьэсэн** кьызэралъхурэ илъэс 80-рэ ирокъу.

◆Критик, литературэдж, УФ-мрэ Адыгейм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДА-м и академик **ШащIэ Къазбэч** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

◆Урысей фигуристкэ, гъэсакIуэ, Олимп джэгухэм (2002) дыжьын медаль кьыщызыхьа, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Лобачёвэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

◆Урысей теннисист, Олимп чемпион (2000), УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Кафельников Евгений** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэс кьыщесынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 5, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым хуит къэхъужа и мандатыр «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам иту кандидатхэм я депутату атха Къэжэр Хъусейн Хьэмид и къуэм етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 17-м

Налшык къалэ №129/2-5

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и полномочиехэр ТекIушэ Артур, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутату хахам, пасэу зэрыщхьэщэхам кьыхэкIыу икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхукlэ» 2008 гъэм щыщхьэуIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 5-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым хуит къэхъужа и мандатыр «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам иту кандидатхэм я депутату атха Къэжэр Хъусейн Хьэмид и къуэм (№110) етын.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIиэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь
ДЖАППУЕВ Муссэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Къэжэр Хъусейн Хьэмид и къуэр тхыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мазаем и 17-м

Налшык къалэ №129/3-5

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым хуит къэхъужа и мандатыр «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам иту кандидатхэм я депутату атха Къэжэр Хъусейн Хьэмид и къуэм етыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2016 гъэм мазаем и 17-м кьищта унафэ №129/2-5-м тету икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхукlэ» 2008 гъэм щыщхьэуIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Къэжэр Хъусейн Хьэмид и къуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутату ятхам зэрыхахамкIэ удостоверенэ етын.

3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIиэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь
ДЖАППУЕВ Муссэ

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зыпс ираш зэшыпхъущ.

● Коллегиехэр

Я лэжьыгъэм хъарзынэу полъэщ

КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпсыныжрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и министерствэм 2015 гъэм зэрыпэжьар къышапщытэж, зытехьа илъэсым я мурадхэр щаубзыух зэlущlэ щекlуэкlащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и япэ къуэдзэ Дадэ МуIэед, министерствэм и Жылагъуэ советым и унафэщl Егоровэ Галинэ, республикэм и социальнэ lуэхущlапlэхэм я лIыкlуэхэр. Зэlущlэр иригъэкlуэкlащ КъБР-м лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпсыныжрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и министр Тюбеев Альберт.

МИНИСТРЫМ къыхигъэщащ блэкlа илъэсым зыхуагъэувыжа къалэнхэм я нэхъыбэм зэрехъулlар, языныкъуэ lуэхугъуэхэм теухуауэ гугъуехь гъэрхэм ирихьелlами, цlыхухэр арэзы ящlу ахэр зэрызэфlагъэкlыным зэрыхуущlэкъуар икlи 2016 гъэм къапэщlыгъ лэжьыгъэхэр нэсу зэрагъэзэщlэным я къару псори зэрырахьалlэнур.

КъБР-м лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпсыныжрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Ацкъан Ратмир** зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ бюджет lэнатlэм lутхэм я улахуэм хэгъэхъуэныжкlэ, цlыхухэр лэжьыгъэкlэ къызэгъэпэщыныжкlэ блэкlа илъэсым зэфlагъэкlа lуэхуэхэм.

- УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэхэм къыщыгъэльэгъуа lуэхугъуэхэм ящыщlу улахуэр хэгъэхъуэныр, - жиlащ Ацкъан Ратмир. - А унафэр гъэзэщlэным ипкъ иткlэ, КъБР-м и Правительствэм 2012 - 2018 гъэхэм республикэм и къэрал lуэхущlапlэхэм щылажьэхэм я улахуэр зэрырагъэфlакlуэным теухуа программэр къищтащ икlи ар lыхьищу зэпыудауэ ягъэзащlэ. Абы щыщу Iыхьитlым къыщагъэлъэгъуа lуэхуэхэм псоми хъарзынэу екъулlащ. Унафэр гъэззэщlэным къифlагъэкlа къалэн нэхъыщхьэр - лэжьакlуэ щхьэхуэхэм я улахуэр хэгъэхъуэныр - зэфlагъэкlащ. 2012 - 2015 гъэхэм республикэм ику иту къыщащхь улахуэр 1,2-кlэ хэхуащ.

Ацкъаным и къэпсэлъэныгъэм гулыитэ нэхъ зыхиущlу къыхигъэщахэм я ящыщ хабзэм тету цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжрэ лэжьакlуэм и улахуэр и чэзум етыныжрэ.

- А lуэхуэхэм ятеухуауэ блэкlа илъэсым Хабзэм тету цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжрэ лэжьапщlэжкlэ ятелъ щlыхуэр япшыныжныжкlэ щыlэ комиссэм зэlущlэу 9 иригъэкlуэкlащ, - жиlащ министрым и къуэдзэм. - Абыхэм ялъ иткlэ унафэ щхьэхуэхэр къащтащ икlи lуэхугъуэ зыбжанэ зэфlахащ. Къалэхэм, районхэм щыlэ Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэ етыныжкlэ центрхэм экономикэм и промышленнэ lэнатlэхэм щрагъэкlуэкlа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкlэ, апхуэдэ lуэхущlапlэхэм улахуэмкlэ щыхуэ ятелъыжкъым.

Цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныр министерствэм я пригъэщ lуэхуэхэм хэтщ. Блэкlа илъэсым lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжкlэ lуэхущlапlэхэр дэlэпыкъуэгъэхэр зыхуэдэм, къытеувыlащ «Социальный контракт» республикэ программэр зэрагъэзащlэм.

- Блэкlа илъэсым республикэм и цlыху 38.911-м социальнэ lуэхутхьабзэхэр хуащlащ, - жиlащ Романовэм. - Щытыкlэ гугъум къихута цlыкухэм, жьы хъуахэм ядэlэпыкъу социальнэ лэжьакlуэхэр хъарзынэу я къалэным полъэщ, ахэр зыкlэлъыплъхэм я щытхъу псалъэхэр дэ щlэх-щlэхыурэ зэхьдохьах. Апхуэдэу нэгъабэ екlуэкlа «Социальнэ лэжьакlуэ нэхъыфlэ» урысейпсо зэпеуэм ещанэ увыпlэр къыщызыхьар ди республикэм щыщlу. Ар и щыхьэтщ а lэнатlэм пэрытхэр зи Iэщlагъэр фlыуэ зыльъагъу икlи хэзыщыкlыл лэжьакlуэхэу зэрыщытым.

Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр, узынщагъэр егъэфlэкlуэныр къызэгъэпэщыныжкlэ министерствэм лэжьыгъэшхуэ зэфlекъэкl. Романовэ Еленэ и псалъэхэм къызэрыхэщакlэ, а lуэхум трагъэкlуэдэну мыльку федеральнэ, республикэ бюджетхэм къыхокl. Блэкlа илъэсым сабийхэм зыщагъэпсэху икlи я узынщагъэр щрагъэфlэкlуэж lуэхущlапlэхэм ныбжьыщlэ 10.714-рэ щыlащ. Псом хэмыдэу гулъытэ хуащlащ унагъуэ хуэмыщlахэм къыхэкlа ныбжьыщlэхэм я лъэхъэнэр щхьэпэу къахуэгъэзэпэщыным.

- КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и министерствэм 2015 гъэм куэд зэфlигъэкlащ, - жиlащ **Дадэ МуIэед**. - Фи лэжьыгъэм фызыщрихьэлlэ гугъуехьхэм фыкъригъэкlуэтакlым, нэхъыщхьэраща, дэтхэнэми хэкlыпlэ гуэр къызэрыхуэвгъэтыным фыхуущlэкъуащ. УФ-м и Президентым и ныкъыгъэ унафэхэм я гугъу пlощlмэ, ику иту. Псом хуэмыдэу республикэм ар зэрыщагъэзащlэм арэзы укъещlащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, цlыхухэм я улахуэр егъэфlэкlуэныжкlэ я зэрыхъунщи, цlыхухэм я улахуэр егъэфlэкlуэныжкlэ я зэрыхъунщи, цlыхухэм я районхэм унафэр щагъэзащlэркъым. Дэ зыми къытхуидэнукъым УФ-м и Президентым и унафэхэр дымыгъэззэщlэныр, абыкlэ ар зи къалэнхэм псоми жэуап тхьынущ. 2016 гъэм зыхуэвгъэувыжа мурадхэр къывэхъулlэну, лэжьыгъэ купщlафlэ фиlэну сыныводохъуэхъу.

Зэlущlэм и кlэухым КъБР-м и Правительствэм, Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и министерствэм, республикэм и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм я щlыхь тхьылъэр зыхуагъэфэщахэм иратыжащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩlИ Изэ.

● Нобэ Транспорт полицэм и махуэщ

Шынагъуэншагъэм и плъырхэр

1919 гъэм мазаем и 18-м Iэ щlадзауэ щытащ «Гъущl гъуэгу милицэрэ гъущl гъуэгу хъумакlуэрэ къызэгъэпэщыным и Iухуэкlэ» декретым. Абы лъандэрэ илъэси 100-м нэблэгъащи, мы lэнатlэм пэрытхэм я лэжьыгъэр зэи къагъэтlэсхьакъым.

Ди республикэм транспорт милицэ къыщызэрагъэпэщащ СССР-м и МВД-м 1949 накъыгъэм и 30-м къыдигъэкlа унафэмкlэ. Абы къыщежьауэ а къудамэм и лэжьакlуэхэм жылагъуэ хабзэр щахъумэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъущl гъуэгухэмрэ Налшык аэропортым и щыпlэмрэ. 1969 гъэм фокlадзэм и 5-м СССР-м и МВД-м и унафэкlэ Налшык станцым къыщызэрагъэпэщауэ щытащ милицэм и линейнэ пункт. Цlыхухэм, хьэлъэу игъэlэпхъуэм къызэрыхэхъуэм къыхэкlыу абы 1978 гъэм зэхъуэкlыныгъэ игъуэтащ икlи къэрал кlуэцlI Iуэхухэмкlэ lэнатlэм транспортымкlэ и линейнэ къудамэ хъуащ. Абы и зыужьныгъэм къыпащэу, 1997 гъэм дыгъэгъазэм мы къудамэм къыхагъэхьэжащ Налшык аэропортым щыlэ линейнэ къудамэри.

2011 гъэм и бадзэуэгъуэм Урысейм и МВД-м транспортым щlэ Налшык линейнэ къудамэр lэнатlэ щхьэхуэ хъуащ. Транспорт полицэм и махуэм ирихьелlэу я лэжьыгъэм тхутепсэлъыхьащ абы и унафэщl, полицэм и полковник Жанджэрий Хьэзрэталий.

- Хьэзрэталий, фи lэнатlэр щхьэхуэ зэрыхъурэ мы гъэм илъэситху ирокъу. А зэманым къудамэм и гупым лэжьыгъэшхуэ зэфlихащ транспортым шынагъэншагъэр къыщызэгъэпэщыныжкlэ, 2015 гъэр фи дежкlэ зыхуэдам утхутепсэлъыхьамэ, ди гуапэт.

- Къызэгъэкlа илъэсыр къызэрыгуэкlыу щытакъым. Урысей МВД-м транспортым щlэ Налшык линейнэ къудамэм щlэпхъаджагъэ 77-рэ итхащ. Абыхэм я нэхъыбэр наркотикхэкlэхэр хабзэм ебакъуэу къезыщlкlхэм, гущl гъуэгу станцхэмрэ аэропортымрэ я мылькур Iей зыщlым е зыдигъым. 2015 гъэм ялжьа щlэпхъаджагъэхэм я процент 88-р сэтей къащlащ. Хабзэр къызэрызэпаудам теухуауэ административнэ Iуэху мини 2-м щигъу ттхащ (вокзалым, аэропортым чэфу тетхэм, мылькур Iисрафэ зыщlым, мафIгуэхм ицу ефэу зэзэуэжаэхэм ятеухуауэ).

- Къэуlэныгъэу фиlэнур фызыщlащ техникэкlэ фыкъызэрызэгъэпэщам, фи лэжьакlуэхэр я къалэным зэрыпэлъэщым.

- Ар пэжщ. Къапщтэмэ, «Налшык» аэропортым жьыджэру къыщагъэсэбэп щlэпхъаджагъэ зылэжьауэ къальхьуэр зэхъуэныжкlэ иджырей Iэмэпсымэ пэрытхэр. Абыхэм ящыщщ «Розыск-Магистраль» автоматизированнэ хъыбар-къэлъыхьуакlуэ системэр. Ар дэlэпыкъуэгъу мэхъу щlэпхъаджагъэ зылэжьаэхэм ятеухуа хъыбар и чэзум къытlэрыхьэныжкlэ, апхуэдэхэм хьэуа, гъущl гъуэгу транспорт къагъэсэбэпыну я мурадэмэ, псынщlэу къэтхутэныжкlэ. Псалъэм папщlэ, 2015 гъэм къэралым къыщалъхьэщу цlыху 17 (2014 гъэм елъытауэ 5-кlэ нэхъыбэ) сэтей къэтщlащ. Къищынэмыщlауэ, ди лэжьакlуэхэм «Налшык» аэропортым къыщагъэувыlащ я адэ-анэхэм ямыщlэу Мэзкуу лъэтэну хуея балигъ мыхъуа ныбжьыщlитху. Абыхэм билет къыщащэхум яубыдри, я адэ-анэхэм Iэрагъэхьэжащ.

Ди гупыр инкъым, лэжьакlуэ 80-щ дызэрыхъур. Ахэр тэмэму зэрылажьэм и щыхьэтщ Урысей МВД-мрэ Урысей МВД-м и транспорт управленэу КИФЩI-м щыIэм къабгъэдэкl щlыхь, фыщlэ тхылъэр къызэрыратыр. Лэжьакlуэ нэхъыфlхэм ящыщщ уголовнэ къэлъыхьуэныгъэмкlэ къудамэм и унафэщl, майор Мысостышхуэ Мурат, абы и къуэдзэ, майор Къущъхэ Арсен, полицей прапорщикэу Къудей Рустамрэ Дидан Хьэсэнрэ. Зи Iэщlагъэм хуэзыжь полицейхэр я щапхъэщ ди щlалэгъуалэм. Апхуэдэщ криминальнэ полицэм щыщ лейтенант Кlащэ Руслан, жылагъуэ хабзэр хъумэным и сержант нэхъыжь Угъурлы Аслъэнбэч, нэгъуэщlхэри.

Ди зэхуэзэр къэзгъэсэбэну, сыхуейт транспорт полицэм и лэжьакlуэхэмрэ абы и ветеранхэмрэ я махуэшхуэмкlэ сехъуэхъну. ЩlыIэщ апхуэдэ лэжьыгъэ: гъуэгухэр хъумэн икlи политикэр гъэззэщlэнымкlэ. Щlыпхъ икlи дызыхуейщ. Абы пэлъэщынур лIыгъэ зыхэлъ щlыхуэрщ. Апхуэдэщ ди гупыр. Нобэ дгъэлъапlэ махуэшхуэм фIы къытхудэкlуэмэ си гуапэщи, пщlэ зыхуэсщlи си лэжьэгъуэхэм ехъулlэныгъэ фиlэну, ди лъахэр мамыру, зэIуэзэпэщу щытыныжкlэ фхуэзэфlэкl фщlIэуэ, фыуэзынщэу фыпсэуну сыныводохъуэхъу!

Епсэлъар **УЭРДОКЪУЭ Женящ.**
Сурэтхэр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ*

Урысейм и МВД-м транспортым щlэ Налшык линейнэ къудамэм и унафэщl, полицэм и полковник Жанджэрий Хьэзрэталий.

Къудамэм и лэжьакlуэхэу полицэм и капитан Хьэзкlуэн Зуберрэ полицэм и сержант Жанджэрий Адмиррэ.

● Политикэ партхэм

Зэрагъэзащlэм кlэлъоплъ

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо щlыналъэ партым хэтхэм къапщытэжащ «Гъащlэм и фlагъыр (Уэрыншагъэ)» проектыр 2015 гъэм зэрагъэзэщlар.

А ПРОЕКТЫМ эту лэжьыгъэшхуэ зэфlагъэкlащ цlыхухэм я узынщагъэр хъумэным, фlагъ лъагэ зиlэ медицинэ дэlэпыкъуныгъэ ягъуэтыным теухуа къэрал политикэр гъэззэщlэнымкlэ. Iуэхущlапlэхэр Iэщlагъэлlэхэмкlэ къызэгъэпэщыныжкlэ щlынальэ программэр зэрагъэзащlэмкlэ кlэлъоплъ.

Республикэм щокlуэкl фельдшер-акушер Iуэхущlапlэхэр, амбулаторхэр, медицинэ центрхэр ухуэныжкlэ, зэгъэпэщыжныжкlэ лэжьыгъэхэр, яхуэмыгъэхъуж узыфэхэр зыпкъырыт сымаджхэм щакlэлъыплъ lэнатlэр зэтраухуэ, Iэмал имыIэу цlыхухэр зыхуеину хущхъуэхэм я уасэхэм кlэлъоплъ, Iэщlагъэлlэхэм я Iэзагъэм щыхагъахьуэ семинархэр ирагъэкlуэкl. Лекцэхэм къыдэж Пирогов и цlэр зезыхьэ Урысей медицинэ университетым, Рогачев и цlэр зезыхьэ Сабий гематологиемкlэ, онкологиемрэ иммунологиемкlэ федеральнэ щlэныгъэклиникэ центрым и лэжьакlуэхэр.

«Наркотик, психотропнэ хущхъуэхэм ятеухуауэ» федеральнэ законым халъхьа зэхъуэкlыныгъэхэр зэрагъэзащlэми ткlийуэ кlэлъоплъ. Апхуэдэу узыр зыгъэундэращхъуэ, II, III лIэужьыгъуэхэм хьыхь наркотик, психотропнэ хущхъуэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуэныкъуэу сом мелуани 4,4-рэ и уасэ. 2015 гъэм зэраубзыхуам тету, республикэ бюджетым и мылъкукlэ япэ илъэс ныкъуэм зыхуеину апхуэдэ хущхъуэу сом мелуани 2,2-рэ и уасэ къащхъащ. Мы зэманым етIуанэ илъэс ныкъуэм зыхуеину препаратхэр зэрызыIэрагъэхьэнум зыхуагъэхьэщр.

Узыр зыгъэундэращхъуэ, II лIэужьыгъуэм хьыхь наркотик, психотропнэ препаратхэр рецепткlэ икlи пщlэнэщу сымаджэхэм Iэрагъэхьэу Iуэхур зэтраублэну я мурадщ. Апхуэдэ хущхъуэхэр яхъумэну икlи льготэ зиlэ цlыху щхьэхуэхэм яхуиутIыпщыну хуит зыщl тхылъхэр аптекэ 13-м ирагащ.

Наркотик, психотропнэ хущхъуэхэр амбулаторхэм, фельдшер-акушер Iуэхущlапlэхэм хуаутIыпщыным теухуа Iуэхум, хуей хъумэ, хэплъэну аращ.

ПЕЧОНОВ Владилен.

● ДифI догъэлъапlэ

Бзылъхугъэ щыпкъэ

Къызыхэкlа лъэпкъым зи гур хуэмыгъуэ цlыхум абы хуэзфlэкl къимыгъанэу, зэрыуилжьэнум шэч хэлъкъым. Апхуэдэ бзылъхугъэ щыпкъэхэм ящыщщ тхыдэ щlэныгъэхэм я кандидат, lЩIДАА-м и членкорреспондент, жылагъуэ лэжьакlуэ Болэ Ильзитэ.

ИЛЬЗИТЭ къыщыхъуари зыхапыкlари Мэздзэгу щыпсэу адыгэхэм ящыщ унагъуэшхуэщ. И адэ Мухътарр я анэ Мариерэ я хъуэпсапlэт я бынхэм щlэныгъэр гъэсэныгъэр яб-гъэдэлъу къэгъэхъуныр. Адэ-анэ гумызагъэхэм ар кlайхъулlащ - адыгагъэрэ цlыхугъэрэ яхэлъу, щlэныгъэ яIэу я бынитхэри яплащ.

1979 гъэм Болэ Ильзитэ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие къудамэр екъуэлlэныгъэфlэхэр иIэу къыухащ. Абы и диплом лэжьыгъэр ятриухуат мэздзэгу адыгэхэм. Иужькlэ Ильзитэ жыдэжру зэхуихьсырт абыхэм екъэлlауэ щыIэ Iуэрыпуатэр, газетхэм, журналхэм статьяхэр къытырригъадзэу щIидзащ, конференцхэм жыджэру хэт хъуащ.

- Си япэ тхыгъэр «Адыгэ псалъэ» газетым къытехуауэ щытащ. Абы и редактор нэхъыщхьэ Хьэфlыщlэ Мухьэмэд а зэманым хуабжьу гушхуэныгъэ къысхилъхьащ, - игу кьеГъэкlыж Ильзитэ. - Япэ лъэбакъуэм куэд елъытат. Стха лэжьыгъэм зэхъуэкlыныгъэ гуэри химыльхьэу, зэрыщыт дыдэм хуэдэу къытридзат. Иужькlэ мэздзэгу адыгэхэм я тхыдэр зэхуэхьэсыжыным теухуа си лэжьыгъэм пысщащ.

Мэздзэгу адыгэхэм я гъащlэр къызэрекlуамрэ ящыкlэ псэукlэмрэ теухуауэ Болэм куэд зэхуихьсащ икlи и кандидат лэжьыгъэр 1995 гъэм Дагъыстэн къэрал университетым щыпхигъэкlащ. Мыгувэуи «Мэздзэгу адыгэхэр» тхылъ купщlафlэр къыдигъэкlащ. Ар адыгэ щlэнгъуазэм и хэлъхьэныгъэшхуэхэм ящыщу хабзэм тету щыхьэхэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжрэ лэжьакlуэм и улахуэр и чэзум етыныжрэ.

- А lуэхуэхэм ятеухуауэ блэкlа илъэсым Хабзэм тету цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжрэ лэжьапщlэжкlэ ятелъ щlыхуэр япшыныжныжкlэ щыlэ комиссэм зэlущlэу 9 иригъэкlуэкlащ, - жиlащ министрым и къуэдзэм. - Абыхэм ялъ иткlэ унафэ щхьэхуэхэр къащтащ икlи lуэхугъуэ зыбжанэ зэфlахащ. Къалэхэм, районхэм щыlэ Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэ етыныжкlэ центрхэм экономикэм и промышленнэ lэнатlэхэм щрагъэкlуэкlа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкlэ, апхуэдэ lуэхущlапlэхэм улахуэмкlэ щыхуэ ятелъыжкъым.

Цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныр министерствэм я пригъэщ lуэхуэхэм хэтщ. Блэкlа илъэсым lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжкlэ lуэхущlапlэхэр дэlэпыкъуэгъэхэр зыхуэдэм, къытеувыlащ «Социальный контракт» республикэ программэр зэрагъэзащlэм.

- Блэкlа илъэсым республикэм и цlыху 38.911-м социальнэ lуэхутхьабзэхэр хуащlащ, - жиlащ Романовэм. - Щытыкlэ гугъум къихута цlыкухэм, жьы хъуахэм ядэlэпыкъу социальнэ лэжьакlуэхэр хъарзынэу я къалэным полъэщ, ахэр зыкlэлъыплъхэм я щытхъу псалъэхэр дэ щlэх-щlэхыурэ зэхьдохьах. Апхуэдэу нэгъабэ екlуэкlа «Социальнэ лэжьакlуэ нэхъыфlэ» урысейпсо зэпеуэм ещанэ увыпlэр къыщызыхьар ди республикэм щыщlу. Ар и щыхьэтщ а lэнатlэм пэрытхэр зи Iэщlагъэр фlыуэ зыльъагъу икlи хэзыщыкlыл лэжьакlуэхэу зэрыщытым.

Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр, узынщагъэр егъэфlэкlуэныр къызэгъэпэщыныжкlэ министерствэм лэжьыгъэшхуэ зэфlекъэкl. Романовэ Еленэ и псалъэхэм къызэрыхэщакlэ, а lуэхум трагъэкlуэдэну мыльку федеральнэ, республикэ бюджетхэм къыхокl. Блэкlа илъэсым сабийхэм зыщагъэпсэху икlи я узынщагъэр щрагъэфlэкlуэж lуэхущlапlэхэм ныбжьыщlэ 10.714-рэ щыlащ. Псом хэмыдэу гулъытэ хуащlащ унагъуэ хуэмыщlахэм къыхэкlа ныбжьыщlэхэм я лъэхъэнэр щхьэпэу къахуэгъэзэпэщыным.

- КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и министерствэм 2015 гъэм куэд зэфlигъэкlащ, - жиlащ **Дадэ МуIэед**. - Фи лэжьыгъэм фызыщрихьэлlэ гугъуехьхэм фыкъригъэкlуэтакlым, нэхъыщхьэраща, дэтхэнэми хэкlыпlэ гуэр къызэрыхуэвгъэтыным фыхуущlэкъуащ. УФ-м и Президентым и ныкъыгъэ унафэхэм я гугъу пlощlмэ, ику иту. Псом хэмыдэу республикэм ар зэрыщагъэзащlэм арэзы укъещlащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, цlыхухэм я улахуэр егъэфlэкlуэныжкlэ я зэрыхъунщи, цlыхухэм я районхэм унафэр щагъэзащlэркъым. Дэ зыми къытхуидэнукъым УФ-м и Президентым и унафэхэр дымыгъэззэщlэныр, абыкlэ ар зи къалэнхэм псоми жэуап тхьынущ. 2016 гъэм зыхуэвгъэувыжа мурадхэр къывэхъулlэну, лэжьыгъэ купщlафlэ фиlэну сыныводохъуэхъу.

Зэlущlэм и кlэухым КъБР-м и Правительствэм, Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и министерствэм, республикэм и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм я щlыхь тхылъэр зыхуагъэфэщахэм иратыжащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩlИ Изэ.



дэгу адыгэхэр» зыфlища и Iэдакъэщlэкlыр зэрыкупщlафlэр, бзэ дахэкlэ, щэрыуэкlэ зэрытхар, тхыдэм щыщ пычыгъэхэмкlэ зыхуей хуэзэу, щlэщыгъуэу зэрызэхихуэнар. Щэч хэлъхьэм тхылъыр лъэпкъым къызэригъэсэбэпынум, къызэрыхуэщхьэпэнум.

- Адыгэу зызыльытэж дзэтхэнэми lэмал имыIэу ищlэн хуейщ и бзэр, - жиlэ Ильзитэ. - Си жагъуэ мэхъу ди республикэм щыпсэухэу, ауэ ди бзэм ириимыпсэлъэфу сыщрихьэлlэм и деж, е «дэ еджапlэм адыгэбзэ щыдагъэджакъым» жаIэу щхьэусыгъуэхэр щащlкlэ. Нобэр къыздэсым си тхъэкlымэм щоIу IутIыж Борис и адыгэбзэр, и псалъэхэр. Зы урысыбзэ закъэуи кlыхьимыгъэжьу, ауэ щыкъукlэ, жиIэхэр гурыIуэгъуафlэу, узыIэпишэу апхуэдэт. Си щхьэкlэ абы сыщепсэлъахэм дежкlэ жиIэхэм щыщ куэд къэспхъуатэрт, бзэм Iэфlагъ хэлъхэм сызыIэпригъэшэфырт. Бзэм дримыпсэлъэжмэ, ар тIэщlэжжмэ, лъэпкъри кlуэдынущ. Ар зыхъумэн хуейр дэращ, адыгэу зызыльытэжхэрщ.

Болэм къызэрильытэмкlэ, ди гур щlэдгъэинын щхьэусыгъуэхэри диIэщ. Ди щlалэгъуалэр щlэныгъэм и телъхьэщ, Iэщlагъэ зрагъэгъуэтыну хущlокъу. Ильзитэ зэрыжиIэмкlэ, езыхэм я щlалэгъуэм яхуэзфlэмыкlаIуэ, зыхунэмысауэ Iуэхугъуэ куэд иджырей ныбжьыщlэхэм ящlэ, къахутэ. Къэралым къарит улахуэр зэрымащlэм щхьэкlэ къашьыгъанэу, абы и яфlэгъэщlагъэныгъэ, кьыхаха Iэщlагъэр. Ар узэрыгушхуэн, узэрыгугъэн щхьэусыгъуэфlу кьелъытэ цlыхубз щыпкъэм.

- Гъащlэр Iыхьэ куэду зэхэтщ. Абыхэм ящыщщ къыбдалъхуахэр, ппэгъунэгъу цlыхухэмрэ зэрыгъэпэжу упсэунырэ, - кьыхеГъэщ и псалъэхэм Ильзитэ. - Абыхэм я Iуэхуэгъэ ефlакlуэу, я гур хэхъуэу, гукъыдэж яIэу плъагъуныр куэд и уасэщ. Пожу, гугъуехь куэдми ущыхуозэ гъащlэм, хэбгъэзэхьмэ, укъыщригъэкlуэти щыIэу. Ауэ, уи гур ебгъэхуэхыу утIысыж хъунукъым. Адэкlэ уи гъащlэм пыпщэн хуейщ, узыльэмыIэсахэм ухущlэкъупхъэщ.

Болэм игу кьегъэкlыж и гъащlэ гъуэгуанэм щlэныгъэлlэ, Iэщlагъэлlэ гъуэззэдж куэдым зэрращlыущlар, абыхэм хьэл-щэн дахэ куэд зэрадилъагъуэр, я псалъэ Iущхэр къызэрыхущхьэпар. Ильзитэ дэзыхьэх Iуэхугъуэхэм ящыщщ цlыхум и гурыщlэм щыуцэ макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэри. Абы и фlэщ мэхъу дэтхэнэ цlыхуми зы хьэлэмэтагъ гуэр хэлъу, языныкъуэхэм ар къызэрызыкъуахыфыр, адрейхэм ар ягъэпщкlу зэпыту къызэрекlуэкlыр.

2001 гъэм Болэ Ильзитэ щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ академием и член-корреспондент захащ, Налшык къалэ Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и департаментым и унафэщlу лэжьащ, иджы КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхуэкlэ и министерствэм щlэныгъэ гъэдэхэн щдагъэгъуэт и къудамэм щыIэщ.

Илъэс зыбжанэ хьуауэ Болэр мэздзэгу адыгэхэм я тхыдэм ириплъэжу, я Iуэрыпуатэр зэхуихьэсыжу къогъуэгурыкlуэ. Нобэ Ильзитэ йолэжь абыхэм я генеалогиемрэ этногрофиемрэ икlи абы теухуауэ мыгугъуэ къыдигъэкlыну и мурадщ тхьилъ щхьэпэ. Ильзитэ зыкъом щlэу егъэхьэзыр нэгъуэщl пэжныгъэ - ар мэздзэгу адыгэхэм я архаическэ псалъалъэрщ.

Мы махуэхэм Болэ Ильзитэ илъэс бжыгъэ дахэ ирокъури, дохъуэхъу и мурадхэр кьехъулlэну, иджыри пlэнкъыр дигъэгуфlэу и Iэдакъэм лэжьыгъэ купщlафlэ куэд кьыщlэкlыну.

ТАБЫЩ Динарэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Зэрыщыгугъам хуэдэу къыщІэкІакъым

Мюнхен щекІуэкІа ШынагъуэншагъэмкІэ конференцыр европей къэралыгъуэхэм я Іэтащхьэ куэдым я дежкІэ щхьэпэ хъуащ. Зэпсэлъэныгъэхэр щІадзэжыным теухуауэ Медведев Дмитрий къыхилъхьа жэрдэмыр абыхъм даІыгъащ, ауэ Украинэмрэ Сириемрэ ехьэлІа дэчыныныгъэ зыбжанэ УФ-м къыпаубыдащ.

КЪУХЬэПІэ политикхэм апхуэдэу къыхаГъэщащ Урысей Федерацэм ІэщэкІэ ЗэщІэуэзда и Къарурэм ирагъэкІуэкІ зыгъэсэныгъэхэм зэрагъэпІейтейр. УФ-м хамэ къэрал Іуэхуэхмкіэ и министр Лавров Сергей НАТО-м и генеральнэ секретарь Столтенберг Йенс дригъэкІуэкІа зэІущІэм щыжиІащ зэгугъэхьэныгъэм и дзэхэр Урысейм и гъунапкъэхэм къызэреуэзжІам зэпэщІэтыныгъэр нэхъ тКІий зэрищІыр.

УнэтІныгъэ куэдым ятеуха псалъэмакъэр кІэух гуэрым куэкІуакъым. Гу зэрылъытапхэащи, Европэр зауэ щыІэм и Іуэхъэнэм хуэкІуэжащ. Ауэ дунейпсо жылагъуэр зыхуэныкъуэр зэпэщІэтныгъэрэ «ещанэ дунейпсо зэрызехьэрэкъым», атІэ зэкъуэтныныгъэщ. Аращ Медведев Дмитрий Мюнхен щекІуэкІа ШынагъуэншагъэмкІэ конференцым щыжиІахэм я мыхьэнэ нэхъыщхьэр.

Иужьрей илъэсих-блым дунейпсо утыкум къыщыхьуахэр къызэщІэзыкъуэжа Медведевым и къэпсэлъэныгъэм мыхьэнэшхуэ ираташ конференцым хэтахэми хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэми. «Иджырейр 1962 гъэм - Карибэ кризисым - щыІа зэхуэдэныкІэм хуэдэщ» - щыжиІа пычыгъуэрщ нэхъыбэм ягу кьинар.

Апхуэдэ зэгъэпщанныгъэр лъабжъэ ищІри, «Wall Street Journal» хъыбарегъащІэ Іэнатім Кремлыр игъэкъуэншащ ядернэ зауэр кьигъэхьеину дуней псор игъэшынэу. Абы кьыдэкІуэу газетым телъхьэпІэ ищІащ урысеидзэм и зыгъэсэныгъэр зыхуэгъэзар и гъунэгъуэр игъэшынэнращ жьзыІа НАТО-м и Іэтащхьэ Столтенберг Йенс. Ядернэ Іэщэхэр хьэзыру щыгъэтын зэрыхуейм ар ерыщу и телъхьэщ.

Нэхъ зэІуахуэ къэпсэлъащ НАТО-м Европэм щиІэ Іэщэкіэ Зэщіэуэзда и Къарухэм я унафэщІ, америкэ генерал Бридлав Филипп. Абы кьыхуриджащ «Урысейр жэуапым ешэлІэн хуейуэ» икІи игу кьигъэкІыжащ ядернэ Іэщэ зыІэщІэлъ я къарухэми зыгъэсэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІыр.

УФ-р зэрагъэкъуэншэмкІэ и мыарэзыныгъэр кьигъэльагъуэу къэпсэлъэжащ НАТО-м УФ-м щиІэ и лІыкІуэ Грушко Александр. Абы зэрэжиІэмкІэ, Урысейм и зыгъэсэныгъэхэр щэху лъэпкъ хэмылъу, зэІухауэ иregъэкІуэкІ, ауэ НАТО-м, кьызэрыхэсэщІапхъэщи, ядернэ щытыкІэр зэрызэщхьэщихуэм ехьэлІа Іуэхугъуэщ зэрихуэр. Апхуэдэхэущ, псалъэм папщІэ, ПРО системэхэр зэрагъэувыр, хьэршыи и Іэщэхэр щигъэувыну зэримурадыр.

Къуэхьэпіэ Іэщіагъэлісэм я нэхъыбэм я еплъыкІэр зы псалъэухакІэ кьыщыуэтащ «Welt» газетым и къыкІэпльыкІуэ кьыдэкІыгъуэм: «Мюнхен къыгъэльагъущ щІыгъуэм: «Мюнхен къыгъэльагъущ фІэщмыхъуныгъэр кууэ зэрыщыІыр».

Къэралхэм я зэдай зэхущытыкІэхэмкІэ пащтыхьым и институту Лондон щыІэм хэт Эггерт Константин «НГ»-м дригъэкІуэкІа зэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ лъэныкъуэхэр зэшэлІэным теухуа Іэмалхэм зыри къызэримыкІар. «Сирием зауэ щыщыгъэтынми, Украинэм теухуауи зэгурыІуэныгъэ гуэри абыхъм кьагъуэтыфакъым. Мэкъуу сыт и лъэныкъуэкІи зауэуэ зыкъеІныгъэ, зэпсэлъэныгъэхэр кьыщІемыхъулІэр Кьухьэпіэм трилъхьэу. Кьухьэпіэм игъэхъуанщэр Урысейрщ. ИкІэм-икІэжым, Мэкъуурэ кьухьэпІэ къэралхэм я кьалащхьэхэмрэ я зэпыщІэныгъэр егъэфІэкІуэн яхьулъэкІакъым», - жиІащ Іэщіагъэлім.

Дауэ щымытми, зэпсэлъэныгъэ гуэркэми сэбэпынагъ къахьащ. Апхуэдэу, «Хъыбарыщіэхэр» Іуэхущіапіэм кьызэритамкІэ, Франджым и премьер-министр Вальс Мануэль Медведевыр кьыхуриджащ я экономикэхэм я щытыкІэм щытепсэлъыхьын папщІэ къэралхэм я правительствэхэм я унафэщІхэм щІэх-щІэхыурэ зэІуущІэхэр ирагъэкІуэкІыну. Урысейм и премьер-министрым, ар диІыгъащ. «ШынагъуэншагъэмкІэ, Украинэм и щытыкІэм теуха зэпсэлъэныгъэр икъуэкІ купщІафІэ зыхунущ», - жиІащ Медведевым. УФ-мрэ Франджымрэ я экономикэхэр зэпыщІащ, «дэ зэдайуэ проектышхуэ куэдыкІей диІащ».

Лъэныкъуэхэм я дуней еплъыкІэхэр иджыпсту зэтехуэркъым. Ауэ Европарламентым и тхьэмадэм и къуэдзэ Ламсдорф Александр къызэрыгъэщамкІэ, Урысеймрэ КъухьэпІэ къэралхэмрэ зы унэтІныгъэ кьыхахын хуейщ, «УФ-ми, Европэми, Германиеми, США-ми я еплъыкІэхэр кьызэщІиубыдэу».

Апхуэдэ еплъыкІи иІэщ НАТО-м и Іэтащхьэу щыта Солана Хавьер. Абы жиІащ кризисым и лъэхъэнэм Урысей-НАТО зэпыщІэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэнур. Кризисым и лъэхъэнэм зэпсэлъэныгъэр щрагъэкІуэкІын зэпыщІэныгъэу кьагупсысауэ щытащ ар.

СКОСЫРЕВ Владимир.
«Независимая газета»

Езыр-езыру яухуахэр ирахьыж

«Псори мамыру екІуэкІащ - щІыхь зытІущым я лъэнтхуэхэр зэпаупщІыжыну жаІэурэ дагъэшынэну хэтащ, яныкьуэхэр бульдозерым кьыпэуващ, ауэ ар кьыэзрыгуэкІ щытыкІэщІэу». - жеІэ мазаем и 9-м и жэщым Мэзкуу тыкуэнхэр щыІэзытхъуа Іуэхущіапіэхэм ящІщ зым и лэжьакІуэм.

МЭЗКУУ унафэщІхэм ухуэныгъэхэр хабзэм къемыззгъыу кьалъытащ икІи судым я мыуэу уухуэнгъэ 100-м щІигъу ирахьи хуейуэ унафэ ящІащ. Ауэ кьыхэгъэщіпхъэщ, ди лэжьыгъэр кьызэтезыгъэувыІэну хэтахэм ухуэныгъэр зэрейм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр зэраІэщІэльар. Нэхьапэм апхуэдэ дэфтэрхэр дагъэльэгъуа нэужь, зыкъыдгъэззрти, дыІыкІыырт».

Абы егъэщІагъуэ езырезыру яухуа тыкуэни 104-м ящІущу 97-рэ зы жэщым кьриубыдэу Іуатхъун хуейуэ унафэ зэращІар. Ахэр гъатхэ маззэхэм я кІуэцІкІэ хуэмхуэмурэ зэпхэрахьыжьи мурад щыІащ. Мурадхэм зы махуэм кьриубыдэу захъуэжащ. «Зы жэщым ухуэныгъэ 97-рэ зэтрегъкІыр пхуэзэдІэмыкІынщ, - жеІэ нэгъуэщІ лэжьакІуэм. - Абы кьыхэкІкІэ и нэхъыбэр кьэбгъэсэбэп мыхъун хуэдэу и джабэхэр гуаудауэ аращ. Зэпкърыхыным кьыкІэлъыкІуэ махуэхэм делэжьащ. МахуитІ дэкІри, тыкуэнхэр зэрыта яэныкьуэ щІыпІэхэм асфальтыщІэ тралъхьэжакІэт. Адрейкэр автомашинэ гъэувыпІэу кьагъэсэбэпын щІадзащ».

Ухуэныгъэхэр Іухьыным и кІэух учафэр зыщІар Мэзкуу и Іэтащхьэ Собянин Сергейщ. Мэрием щылажьэ кьулыкъущитІым зэрыжаІэмкІэ, ар хуабжьу игъэгубжьырт тыкуэнхэм я лэжьакІэмрэ абыхъм я ухуэныгъэхэмрэ. «Езыр-езыру яухуа тыкуэнхэр псори зы жэщым кьриубыдэу итхъуным теухуа унафэр кьыщІащтам и щхьэусыгъуэщ кьалэ гъащІэм лэжьыгъэхэр нэхъ мащІэу зэран хуэгъэхъуныр, - лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІыр зи нэІэ щІэта ямыгъэІэпхъуэ мылькумкІэ кьэрал инспекцым и ІыкІуэм. - Зэтекъутэныр щыщІадзар жэщыкурщ, метрохэр зэхуащІыжу транспортри нэхъ мащІэ хъуа нэужьщ.

«Мы Іуэхугъуэхэм щхьэкІэ мылъку щхьэхуэ хэхьн хуей хъуакъым: я лэжьыгъэм кьыдэкІуэу тыкуэнхэр иратхъуащ «Автомобиль гъэзугъэр» кьэрал бюджет Іуэхущіапіэм, - жиІащ инспекцым и лэжьакІуэм. - Іуэхущіапіэм блэжьанду кьищтар языныкъуэ техникэрщ - ауэ абы мылъкушхуэ текІуэдакъым». Абы кьызэрилъытэмкІэ, ухуэныгъэ нэхъ ин дыдэр иратхъуу щыпІэр зыщІагъэкъэбзэжьным ихьар нэхъыбэ дыдэу сом мелуани 10-щ. А мылъкуи кьалэм кьытрихьыжьну и мурадщ ухуэныгъэхэр зейуэ щытахэм. Дэтхэнэми текІуэдар щхьэхуэу кьабжьыжьнурэ, дэфтэрхэр судым иратхъэхьнущ.

Псалъэмакъ кьызэрыкІа ухуэныгъэхэм я нэхъыбэр зэращІауэ щытар мэзкуу унафэщІхэмрэ кьалэ Іуэхущіапіэхэмрэ я жэрдэмкІэщ. Абы щыхьэт техъуэ дэфтэрэхэри щыІэщ.

Метро зэпрыкІыпІэхэмрэ ихьэпІэхэмрэ щащхуа тыкуэнхэр зи лІэІур «Мэзкуу метрополитен» къэрал Іуэхущіапіэрщ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ 1997 - 1998 гъэхэм къуэнэхущ, «Октябрьское поле» метром и хъуреягъкІэ щыт ухуэныгъэхэри. Тыкуэн иратхъуэхэр зеяхэм щІыпІэр бэджэнду илъэс куэдкІэ иджыри яІыгъыну хуитащ. Псалъэм папщІэ, Собяниныр кьалэ Іэтащхьэу щагъэувам «Кропоткинская» метром кьэкІуалІэ щыкІапхэм я бэджэндыр 2061 гъэ пщІондэ ягъэІэпхъэуэу щытащ.

ЯмыгъэІэпхъуэ мылькумкІэ кьэрал инспекцым и лэжьакІуэм зэрыжиІамкІэ, нэщІ кьэхъуа щІыпІэхэм зыри щаухуэнукъым, ар хабзэм кьезэгъыркъыми: абыхъм я лъабжьэхэм инженер коммуникацІэхэмрэ метрополитеным епха ухуэныгъэхэмрэ щІэтщ. ЩІы нэщІыр ягъэдэхэнурэ, щІыхуэкІэр хуиту щІэзекІуэ хъужьынущ.

А псом къадэкІуэу, Кремлыр арэзы зытехъуа мэзкуу унафэщІхэм я жэрдэмыр адрей щІыналъэхэм я унафэщІхэми ягу ирихьащ икІи икІэщІыпІэкІэ ар къагъэсэбэпыну иужь ихьащ. Апхуэдэу Севастополь и правительствэм щІыху 938-м хъыбар иригъэщІащ я тыкуэнхэр Іуахын зэрыхуеймкІэ. Тверь и администрацыми щІжаІащ къалэ уэрам Іуфэхэм тет тыкуэнхэр Іуатхъуну зэрамурадыр.

ЛЯУВ Бэлэ,
КАНТЫШЕВ Павел.
«Известия»

● Ухуэныгъэ

● Хэхъныгъэхэр

Обамэ Трамп фІэкъабылкъым

ПІалъэитІкІэ тетауэ США-м и президент къулыкъыр бжьыхьэ къэкІуэ зыбгынэ Обамэ Барак къыкІэлъыкІуэ хэхьныгъэхэм хэтыну хуиткъым. Арщхьэкіэ зыхуэір абы щыпхигъэкІыну хущІокъу.

ЖУРНАЛИСТХЭМ щепсалъэм Обамэ къыхигъэщащ мелардыбрыжьэ Трамп Дональд Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я зи чэзу президенту хамыхьну зэрыщыІуГъэр. «Сэ абы сыщогуГь америкэ щІыхьэм и Іущагъыр си фІэщ мэхъури. Трамп кьыгурыІуэу кьысщохъу президенту ущытыну зэрыкъалэн хьэлъэр икІи зэрыпэмыпІэщыну».

Мелардыбрыжьэмэ щІыхуэ къыззэтринакъым. Абы жиІащ Обамэ нэхърэ нэхъыфІу зэрылэжьэфынур. «Нобэрей президентым и зэранкІэ дз адрейхэм дакъыкІэрыхуащ», - пидзыжащ абы и ныкъуэкъуэгум.

«Интерфакс» хъыбарегъащІэ агентств.

Полисхэр яхъуэжьынущ

● ОСАГО

2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ автомобилистхэм яхъуэжьн хуейщ ОСАГО полисхэр. Бланкыщіэхэр къыдагъэкІынущ, полис нэпцІэр ягъэкІуэдын папщІэ.

АБы теухуа унафэр кьыщащтащ мазаем и 11-м РСА-м (Автострахованикэм я урысей зэгухьэныгъэ) и президиумым иригъэкІуэкІа зэІущІэм. «Жэрдэмыр кьыддаІыгъащ «Гознак»-мрэ ГИБДД-мрэ, - жеІэ РСА-м и гъэзэщІакІуэ директор Уфимцев Евгений.

«ОСАГО полисхэр щІэхэмкІэ зэуэ псори тхъуэжьну ди мурадщ, абы хиубыдэнущ зи пІалъэр имыкІауэ щІыхухэм яІэщІэлъхэри, - жиІащ РСА-м и президент Юргенс Игорь. - Ар зэрыдгъэззэщІну Іэмалхэр зэкІэ утыкум кьислъхьэнукъым. Кьыхэзгъэщынщи, автомашинэр зезыгъакІуэхэм ди зэхъуэкІыныгъэхэм щхьэкІэ мылъку лей ягъэкІуэдынукъым, абы текІуэдкнур полисыр зыт Іуэхущіапіэхэм ятынущ».

«Полисыщіэхэр щІыззрыдзгъэкІыным и фІыгъэкІэ нэпцІхэр кІуэдыжьнущ е иужьрейхэм хуэдэхэр ягъэхьэзырынкр гугъу дыдэ хъунущ», - дыщІигъужащ Юргенс.

Уфимцевым зэрыжиІамкІэ, бланкыщіэхэм я зэхэтыкІэнкр «Гознак»-м егъэхьэзыр. Ахэр Іэмал зыбжанэм тету хъумауэ щытынущ.

ЗэхъуэкІынигъэхэр зэрекІуэкІыну щІыкІэр иджыри нэсу убзыхуакъым. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, полисыкъэхэр щІэкІэ яхъуэжьну щІыхуэм пІалъэ пыухыкІа хуэхьынущ. «Гознак»-р хэту РСА-м къыщыззрагъэпэща лэжьакІуэ гупым полисым и дизайнер, ар хьэзыр щыхьэну зэманыр, хуагъэувыну уасэр зэхагъэкІ.

Илъэсым и кум ирихьэлІэу полисхэр зэрахъуэжьнымк къыхэкІыу страхование зыщІ компаниемм мылъку зэщІыныгъэхэр яхьынущ. «Абы и зэранкІэ, Іуэхущіапіэхэм я бюджетым гугъуехьэхэр тельынущ, - жеІэ «АльфаСтрахование»-м и унафэщІ Макаров Денис.

Арщхьэкіэ Макаровым щэч кьытрехьэ полис зэхъуэкІынымкІэ дэфтэр нэпцІ кьыщІэзыгъэкІхэм нэгъэсауэ уеблэнырыну: «Гъэпцакіуэкір лъэбакъуэ зыбжанэхэр нэхъапэ итщ икІи полисыщІэхэм хуэдэхэр абыхъм кьыщІагъэкІыным гугъуехьышхуэ трагъэкІуэдэнукъым. ЩІэпхъаджащІэхэм яхуэгъэза унафэ тКІийхэр кьамыщтауэ щытыкІэм зихъуэжьнукъым».

КьищынэмыщІауэ, РСА-р адэкІи ебэнынущ Интернеткіэ полис нэпцІхэр щэным. Іуэхущіапіэм кьызэрагъэпэгъэуамкІэ, апхуэдэ сайт 200-м нэблагъэ зэхуащІащ. Юргенс зэрыжиІамкІэ, РСА-м Юстицмкіэ министерствэм зэрызыхуигъэзэн тхыгъэ егъэхьэзыр ОСАГО полис нэпцІхэр хуиту щІыхуэм зэращІм теухуауэ. «Апхуэдэ хъыбарегъащІэхэм гъэугум уздрикІуэм ущрохьэлІэ икІи мышынэжьхэу зыІуэхуэ кьыущІну яужь итщ. Полис нэпцІкІэ автомашинэр кьезыхуэкІэм ятехуэ кьэудар куэдкІэ зэрыхагъэхъуэнум теухуа унафэр мы махуэхэм хьэзыр хъунущ».

РСА-м кьызэрабжамкІэ, илъэсым кьриубыдэу щІыхуэм иращэ полис мелуан 42-м ящІыщу 1 мелуанр нэпцІщ.

МЕТЕЛИЦЭ Екатерин.
РБК

● Транспорт

Хьэлъэзешэхэр яубыд

Украинэм щыщ хьэлъэзешэ автомашинэ 200-м нэблагъэ Урысейм и щІыналъэхэм щаубыдащ.

«МЫ ЗЭМАНЫМ ирихьэлІэу зэхэкІакъым Украинэм ит ди хьэлъэзешэ автомашинэхэр щІаубыдам и щхьэусыгъуэр. Абы кьыжьэкІкІэ «Ространснадзор»-ми игъэтКІиящ УФ-м щыІэ украин автомашинэщхуэхэм ехьэлІа кІэлъыплъынэгъэхэри. Абыхъм ящыщу 197-р къагъэувыщІащ», - щыжаІащ министерствэм.

КьищынэмыщІауэ, Транспортымкіэ министерствэм кьыщыхагъэщащ УФ-м щатха автомашинэщхуэхэр Украинэм и щІыналъэм зэпрыкІыну зэрыхуимытымкІэ официальнэ хъыбарегъащІэ дэфтэр кьаззрыІэрыпсыхьар.

Мазаем и 11-м Закарпат областым щыІэ украин радикалхэм яубыдащ ГъунэгъуэкІ зэралыгъуэм и щІыналъэмкІэ зэпрыкІ урысей автофургонхэр. ИужьрыІуэкІэ абыхъм ГъусэзыкъыхуащІащ Волын, Ровен, Ивано-Франковэ, Житомир, Винницк, Сумэ, Черновицк областхэм щыІэ радикалхэри. Абыхъм къагъэув урысей хьэлъэзешэ автомашинэхэр я къэралым зэпрыкІну зэрыхуимытымкІэ унафэ къащтэну.

Мазаем и 11-м Закарпат областым щыІэ украин радикалхэм яубыдащ ГъунэгъуэкІ зэралыгъуэм и щІыналъэмкІэ зэпрыкІ урысей автофургонхэр. ИужьрыІуэкІэ абыхъм ГъусэзыкъыхуащІащ Волын, Ровен, Ивано-Франковэ, Житомир, Винницк, Сумэ, Черновицк областхэм щыІэ радикалхэри. Абыхъм къагъэув урысей хьэлъэзешэ автомашинэхэр я къэралым зэпрыкІну зэрыхуимытымкІэ унафэ къащтэну.

«Хъыбарыщіэхэр» РИА

ЗэщІэгъэстакІуэу къалытэ

● Тезыр

Урысеймрэ Тыркумрэ я зэхуущытыкІэхэр кІуэ пэтми зэщІопльэ. Къыпщохъу зы хъуаскІэ закъуэм мафІэшхуэ къыльиндыкІыну.

АПХУЭДЭУ щыт пэтми, зэщІэгъэстакІуэхэр куэдщ. Абы и щыхьэтщ гъубжкІуам Истамбыл кьыщыхьуар.

ФутболымкІэ Европэм и Лигэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и 1/16-нэ Іыхьэм пхъэидзэм щызэхуишат Мэзкуу и «Локомотив»-мрэ Истамбыл и «Фенербахче»-мрэ. Куэдым къагъэуващ а зэІущІэхэр хамэ щыпІэхэм щегъэкІуэкІыну хуейуэ, армырамэ, кьаІэгъэкъикІыфынуи. Арщхьэкіэ Европэм и футбол зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэм ар идакъым икІи лъэныкъуэхэр кьыхуриджащ спортымрэ политикэмрэ зэхамышпщэну.

Ялэ джэгур хъарзынэу зэфІэкІа куэдэт, «Локомотив»-р 0:2-уэ кьыхагъэщІами. Арщхьэкіэ зэІущІэр иухауэ къыщикІыжьым хьэщІэхэм я гъуащхьэхъумэныкъуэ Тарасов Дмитрий зэрыджэгуа фащэр зэщихьжри, зауэлІ щыгъынкІэ хуэпа Путиным и сурэтыр ину зытет футболкэр кьыщІигъэщащ. Конокамерхэмрэ сурэттехэмрэ ар кьапхъуэтащ икІи дуней псом хэІущІыІу щащІащ. КьыщІадгъэтащ абыкІэ тыркуэр игъэгубжьыну хущІокъуэуэ. Иджы зэщІэгъэстакІуэми ар зыхэт командэми тезыр тКІий кьапоплъэ.

«Р-Спорт» хъыбарегъащІэ агентств.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

Украинхэр Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ хуей?

● Іэпхъуэшапхъуэ

КъуэкІыпІэ Жыжьэм зегъэужьынымкІэ министерствэм къыхилъхьащ Уралым адэкІэ щыпсэу щІыхуэхэм я бжьыгъэр украин Іэпхъуэшапхъуэхэм я фІыгъэкІэ нэхъыбэ ящІыну.

ХАМЭ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм щыщу я фІэфІыныгъэкІэ Урысейм къэІэпхъуэжьхэм ядэІэпыкъуным теухуа программэр ди къэралым щылажьэ пэтми, абы и гъэзэщІэкІэр арэзы укъэзышыщІу икІи зэрыщыгугъам хуэдэу щымыту кьелытэ Къэрал Думэм и депутат Обухов Сергей. Абы кьыдэкІуэу, Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхущіапіэм къызэрилъытэмкІэ, иджыпсту ІэмалышІэу щытхъум Украинэм кьикІахэр Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ гъэІэпхъуэныр. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм щыщу я фІэфІныгъэкІэ Урысейм къэІэпхъуэжьхэм ядэІэпыкъуным теухуа программэр мэлажьэри. ПІалъэ пыухыкІакІэ ди къэралым щыІэну ныитыныгъэ зрата украинхэр программэм хэтын щхьэкІэ зэхуахьэс дэфтэрхэри абыхъм зэрыхэлъэ зэманри нэхъ мащІэ ящІащ.

- Программэм ипкъ иткІэ, ди лъэпкъэгъуэхэр ирагъэблагъэ УФ-м и щІыналъэ 59-м, абыхъм ящыщщ Сыбыр федеральнэ щІыналъэм хьэхъу субъектэ 9-мрэ (Бурятие, Хакасие республикэхэр, Алтай, Забайкал, Красноярск крайхэр, Иркутск, Кемеровэ, Новосибирск, Омск областхэр) КъуэкІыпІэ Жыжьэ федеральнэ щІыналъэм и субъектэ 7-мрэ (Камчаткэ, Приморск, Хабаровск крайхэр, Амур, Магадан, Сахалин областхэр, Еврей автоном областыр). Іэпхъуэшапхъуэхэр ирагъэблагъэну загъэхьэзыр Саха (Якутие) республикэмрэ Томск областымрэ, - щыжаІэ ФМС-м и пресс-Іуэхущіапіэм.

2016 гъэм щІыщылъэм и 1-м (программэм лэжьэн щыщІидзар 2007 гъэрщ) ирихьэлІэу УФ-м къагъэзэжащ ди лъэпкъэгъу мин 440-м. Абыхъм ящыщу мини 106,8-рэ Сыбыр, КъуэкІыпІэ Жыжьэ федеральнэ щІыналъэхэм кІуащ.

ФМС-м къызэрыщыхагъэщамкІэ, иужьрей илъэситІым Украинэм кьиІэпхъуэкІахэу программэм хэтхэр нэхъыбэ хъуащ.

- 2014 гъэм кьриубыдэу Урысейм къэІэпхъуащ щыху мини 106-рэ. Абыхъм ящыщу мин 41,7-р Украинэщ щыщ ди лъэпкъэгъуэщ. Сыбыр, КъуэкІыпІэ Жыжьэ щІыналъэхэм щетІысэхащ щыху мини 29,6-рэ, мини 10,8-рэ Украинэм кьиІэпхъуэкІауэ. 2015 гъэм программэм кьызэщІиубыдащ щыху мини 183-рэ, мини 111-рэ Украинэм щыщщ. Сыбыр, КъуэкІыпІэ Жыжьэ щІыналъэхэм Іэпхъуащ щыху мин 38,8-рэ, ди лъэпкъэгъу украину мин 18,5-рэ, - кьыщыхагъэщащ пресс-Іуэхущіапіэм.

ФМС-м зэрыщыжаІамкІэ, КъуэкІыпІэ Жыжьэ федеральнэ щІыналъэм щыху и иегъэтыхсэныр унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы кьыжэкІкІэ КъуэкІыпІэ Жыжьэм Іэпхъуэну жэрдэм зыщІахэм къэралым кьыбгъэдэкІыу дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтынущ - гъуэгур пщІэнщэщ, дэфтэрхэр псынщІэу зэхуэхуагъэсынущ, щІыпІэм иззгъэфын щхьэкІэ сом мин 240-рэ иратынущ, нэгъуэщІэхэри.

Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ ящыщІа гугъуехьхэм щІыналъэ политикэмкІэ Къэрал Думэм и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Романов Пётр зэрепльыкІэ, а щІыналъэхэм щІыхуэхэр Іэпхъуэн щхьэкІэ мыпхъуІэ кьыдэхьэхьн хуейщ.

- ЖэрдэмыфІ дыдэ щыІэфынущ, ауэ правительствэм ар зэрагъэззэщІен мыпхъу имыІэу жиІэфынущ, иджыпей зэманым щыІэ щытыкІэм и гугъу умыщІыхьи, - жеІэ абы. - Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ щыху игъэтІысхьэнщ мыхьэнэшхуэ зиІэщ. ЩІы куэдыкІейуэ диІэщ, ауэ ахэр зыми кьезгъэсэбэпыркъым. Абы щекІуэкІ лэжьыгъэхэр зэхуэунэтІар фІамыщІ, щІыдагъэ, газ хуэдэхэрщ. Лъэ быдэкІэ зэрыщІыубыдыфынумкІэ шэч кьыстезыхьэхэр а щІыналъэхэм пхуещалэнкъуэкІым. Фэтэрэр улахуэ екІуэр фиІэнущ жаІэмэ, ар нэгъуэщІщ.

Романовым кьелытэ КъуэкІыпІэ Жыжьэм Іэпхъуэнымтехуауэ кьыхуеджэныгъэхэр щегъэкІуэкІыпхъэу.

- Совет Союзым апхуэдэ кьыхуеджэныгъэхэр щыІащ. Кьэралым щІыхуэм гукъэкІ гуэрхэр яхидзэрти, щІыхуэхэр абы хущІэкъун щІадзэрт.

Іэпхъуэшапхъуэ лэжьакІуэхэм я профсоюзым и унафэщІ Каримов Ренат кьыззрилъытэмкІэ, Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ щІыщІэр кьыщІэтыну украинхэр хуейкъым.

- А щІыналъэхэм лэжьапІэ тэмэмхэр щыІэу щытамэ, урысейхэр абы кьиІэпхъуэкІыну хэтынутэкъым. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, ахэр улахуэ мащІэ дыдэ щат лэжьапІэхэщ, украинхэри апхуэдэу пхуэлэжьэнукъым. Ди деж мылъкури лэжьыгъэри щызэхуэхьэсар Курыт федеральнэ щІыналъэрщ, абы кьыхэкІкІэ ди щІыхуэхэри Іэпхъуэшапхъуэхэри абыкІэ йоІэ, - жеІэ Каримовым. - ГукъэкІыр дахэу зэхьібох, ауэ апхуэдэу зэгъэкІуауэ ар пхуэгъэззщІэнукъым. КъуэкІыпІэ Жыжьэм зэрызрагъужьыпхъэр правительствэм кьыгурыІуэу щытамэ, украинхэри хэмыту ар ягъэззщІэнут.

- Хабзэм кьигъэув мардэщІэхэр ягъэзащІэ икІи ар гугъукъым - Украинэм ягъэззжу Урысейм кьихьэжьн хуейщ. ИтІанэ патентыр зэбгъэпэщыну ижь уихьэ хъунущ. Ди деж зыри тхьэусыхакІэ кьэкІуакъым а Іуэхум теухуауэ лъэпощхьэпо гуэркэр кьахуэкІэкІауэ, къэралмэ зыри ирахужжакъым, - кьыхигъэщащ абы.

Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхущіапіэм КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ Сыбырымрэ я щІыналъэхэм щыІэ Украинэм и щІыху мелуани 2,6-рэ. Абыхъм ящыщу 1 мелуаным щІигъур ипщэ-кьуэкІыпІэ щІыналъэхэм щыщщ.

ЗМАНОВСКАЯ Аннэ, ИВУШКИНЭ Аннэ.
«Известия»

● Ди псэлъэгъухэр

Пщащэм и япэ ехъулІэныгъэхэр

Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ пщащэ ГъукІэкъул Иринэ ди университетым адыгэбзэр щиджащ, иджы ар Черкесск къыщыдэкІ «Черкес хэку» газетым и лэжьакІуэ. Иджыблагъэ абы къыджиІаХэмкІэ дывдэгуэшэну дыхуейт.

- Иринэ, уущыстудентам епхауэ нэхъ уигу кьинэжам и гугъу уэзгъэщІынут.

- СфІэгъэщІэгъуэну сыщеджащ КъБКъУ-м адыгэбзэмкІэ и къудамэм. ІэщІагъэр псэрыгъаззкІэ кьыхэсхащ. Школым сыщыщІэса зэманым фІы дыдэу слъагъурт адыгэ, урыс литературахэр. Сочиненэ стхыну, литературэ тхыгъэ сыкъедэжу ар сэр-сэру зэпкърыслхыжьу сфІэфІт. ЕджапІэ нэхъыщхьэ сыщІэтІысхьэри, литературэм, бзэм я дунейм нэхъри кууэу сыхыхьащ. Дауи, екъулІныгъэу сиІэмкІэ сыт щыгъуи фІыщІэ яхузощі си егъэджакІуэхэм. Сыхуейщ абыхэм я цІэр кьисІуэну. Си гупсысэр хуиту къэсІуэтэфу сригъэсащ Бакъ Зерэ. Си хьэл-щэныр быдэу зэрыубыдынымкІи ар сэбэп кьыхэхъуащ. Зерэ щапхъэщ сэркІэ: хужьыр хужьу, фІыщІэр фІыщІэу елъагъу. Хамэ кьэрал литературэмкІэ дезыгъэджа Къэхэр Хьэмид и дерсхэр дуней тельыджэт си дежкІэ. Нарт эпосым хузиІэ еплъыкІэм зригъэхъуэжащ ЦІыпІынэ Аслъэн. Сызэрысабий лъандэрэ таурыхъыу кьыхсщыхъуу щыта нарт хъыбархэр лъэпкъым и щІэин лъапІэу зэрыщыт зыхэсщІащ ЦІыпІынэм и фІыгъэкІэ. Махуэ кьэс дыкъэзыгъэуІэбжь, гуапэу дызыгъэпІейтей щІэ гуэр кьыт-хуэзІуихырт абы. Пэжщ, «махуэ хьэсу» диІар машІэ дыдэщ - пасэу ар дунейм ехьжащ.

- Уи лэжьыгъэм удэзыхьэхыу сыт хэлъыр?

- Журналист Іэщ Іагъэм сыдихьэхыпащ. СызыгъэпІейтейм, сфІэгъэщІэгъуэным сытетхыхьыну, абыкІэ цІыхухэм садэгуэшэну Іэмал сиІэщ. ЦІыху Іэщ Іэгъуэн куэдым сахуоэз, сопсалъэ, апхуэдэ зэІущІэхэм гупсэхугъуэ кьыхьызох.

«Черкес хэку» газетым сызэрыщылажьэ ильэсищым си анэдэлхъбзэр куэдкІэ иригъэфІэкІуащ. Сайтым урысбзэкІи сыщотхэ. Абы уи Іуэху еплъыкІэр щыжьпІэну хуитныгъэ нэхъыбэ ущиІэщ.

- Журналистым хэлъын хуей щэн нэхъыщхьэр сыт хуэдэ?

- Упщ Іэ гугъуц. Щэн куэд щызэхэуухэнаущ щытпхъэу кьыщІэкІынущ. И псэлъэгъум пщІэ кьыхуищІын хуэдэу щІэныгъэ иІэн хуейщ, гъащІэм кьыщыхъу Іуэхугъэхэм гу льитэфу, и Іуэху еплъыкІэ кьиІуэтэфу щытпхъэщ.

- Журналист лэжьыгъэм нэмыщІ сытым удихьэхрэ?

- Куэд мэхъу ахэр. Ауэ зыр псоми кьахьізогъэщхьэхукІ - ар Къэрэшей-Шэрджэсым щыІэ «ЩІалэгъуалэ Адыгэ Хасэм» сызэрекІуалІэщ. Си ныбжьэгъу-акъылгъуэхэм я гъусэу лъэпкъ Іуэхуэхэм сыхэтщ. Адыгэм теухуауэ дызыгъэпІейтейхэр утыку къыдохьэ, дытопсэльыхь, сэбэп дыщыхъуфым дохьу. ЩІэх-щІэхьыуэ кьыізыдогъэпэщ щэнхабзэм епха зэхьэзэхуэхэр, пшыхьэр, псапащІэ Іуэхуэхэри идогъэкІуэкІ.

- Иринэ, усэрэ рассказэрэ зэрыпт-хым дыщыгъуазэщ. «Мы гъэм мэракІуэр мышуш» рассказымкІэ япэ увыпІэр къыщыпхьащ ІутІыж Борис и фэепльу ирагъэкІуэкІа зэпеуэм...

- Зэпеуэ зэрекІуэкІым и хъыбар кьысІэрыхьа ноужь, «Мы гъэм мэракІуэр мышуш» рассказ нысхъуэтхыр кьесхьэжььэщ. Куэдрэ ар щыІтыну кьыщІэкІынт зэпеуэр мыхъуамэ. Ар кьыззэгъэпэщащэм фІыщІэшхуэ яхузощІ. ТхакІуэ ныбжьыщІэхэм Налшык щращІэкІа пшыхьыр гуфІынэж сщыхъуащ. Мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэм дыхуэныкъуэщ. АнэдэлхъбзэкІэ тхэ лъэпкъым и дежкІэ хъугъуэфІыгъуэу кьызолъытэ.

- Иринэ, япэ увыпІэр кьызэрыпхьа рассказыр ди газетым тетащ. Иджы ди гуапэу тыдодзэ уи усэхэм ящыщи.

Епсэльар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

ЩІэныгъэ конференцыр щекІуэкІым.

● Зэпеуэхэр

Я щІэныгъэм хагъахъуэ

Щіалэгъуалэмрэ сабий-хэмрэ я творчествэмкІэ республикэ уардэунэм и бжэр тІошІрэ етхуанэу хузэІуахащ «СИГМА» щІэныгъэ конференцым хэтыну гукъыдэж зиІэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ кьрихьэлІахэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Кирин Александр, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Башиевэ Светланэ, КъБКъМУ-м и проректор Езауэ Анзор, КъБКъУ-м и проректор Барасбиев Муслим сымэ.

Конференцыр сэбэнщ школакІуэхэр щІэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэм дегъэхьэхынымкІэ. Мы гъэм ар Іыхьитіу гуэшауэ екІуэкІащ: очнэрэ заочнэу.

Заочнэ Іыхьэм лэжьыгъэ 231-рэ кьаГъэхьати, къэпщытакІуэхэм нэхъыфІи 167-рэ кьыхахащ, очнэ турым и секцэ 20-м щыпхъажьі хъуну кьалъытэри. Абы и къэпщытакІуэхэт Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым, абы и Педагогикэ институтым, Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкъумэш университетым, Кавказ Ищхьэрэм Гъуаздджэхэмкіэ и институтым, УФ-м и МВД-м и Краснодар университетым Налшык щиІэ и Къэпкъым и егъэджакІуэ пажэхэр, щІэныгъэрыдажьэхэр.

Зэхьэзэхуэр иуха ноужь, лэжьыгъи 167-м ящыщу япэ увыпІэр хуагъэфэщащ секцэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхэжаныкІа 20-м. ЕтІуанэ хъуащ еджакІуэ 22-м я Іэдакъэщіэкіхэр. Ещанэ увыпІэр зыІэрагъэхьащ сабий 19-м. Абыхэм кьищынэмыщІауэ, щІэныгъэ. Щ Іэнхабзэ» урысейпсо конференцым ирагъэхь хъуну лэжьыгъиихи кьыхаХащ.

Къэпщытакіуэхэм кьызэрыхагъэщащи, школакІуэхэр я щІэныгъэм хагъахъуэмэ яфІэфІу, хуабжьу дихьэхыу бгъэдэтащ мы Іуэхум.

Тхыгъэри сурэтри **ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ** *ейщ.*

● Джэрпэджэж

Алий теухуар пэжщ, ауэ...

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭ» газетым и мыгъэрей е 13-нэ кьыдэкІыгъуэм тетащ Мырзэкъан Къазий и тхыгъэ кІэщІ, «Алий Хэкум къэзыщэжар» жиІэу. 1930 гъэхэм Къарэмхъэблэ егъэджакІуэу щыІэжьа Бэрокъуэ Зырамыку теухуат ар, нэхъ тэмэму жыпІэнымэ, Египетым и Аль-Азхар университетым щеджауэ къэкІуэж Зырамыку Истамбыл щыхуэзащ Щоджэнц Іыкіу Алий икІи щІалэ дэхуэхар абы кьызідищэжащ. Къазий и тхыгъэм кьыхощ Бэрокъуэр 1944 гъэм ягъэтІысу ильэспІкІэ тутнакъэщым исауэ.

Редакцэм кьэкІуащ Зырамыку и кьуэ БетІал икІи ар щыхьэт техъуащ Алий Хэкум кьызэрихьэжар и адэм зэрифІыщІэм, ауэ Зырамыку тутнакъэщым имысауэ, зауэ зэманым кьэралым кьалэн кьщищІар игъэзащІэу лэжьауэ жеІэ.

Мы тхыгъэ кІэщІыр теддзэн хуей щІэхъуар ЩоджэнцІыкіу теухуауэ иджыри кьэс зэхэдмыха кьызэрытхуаІуэтаращ, адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа щІалэр лъэпкъым зэрыфІэмыкІуэдамкІэ фІыщІэ зыхуэщІыпхъэр тщІэн папщІэщ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къэхъуар зэхагъэкІ

«Газпром - газыр зыгуэш Налшык и Іуэхущапіэ» акционер обществэ зэІухам и Іэщ Іагъэлэпхэм унэ кІуэщІ, фэтэр кІуэщІ газ Іэмэпсымэхэр тэмэму зэрызэрамыхьэм и зэранкІэ. Прохладнэ кьалэм Боронтовым и щІэр зезыхьэ уэрамым тет псэупІэ унэм 2000, 2003 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщІитІ газ щхьэуэм (уГарнэ) щІитхьэлыхьащ.

КъБР-м Следствэмкіэ и управленэм и Прохладнэ щІыналъэ зэхуаку къудамэм, УФ-м и УК-м и 293-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэмкіэ (зэрытепІъэкъуКІам кьыхэкІыу, цІыхуит е нэхъыбэ зэрыхэкІуащэм папщІэ), кьэхъуам теухуауэ уголовнэ Іэху кьызэІуихащ.

Ар зэрызэхагъэкІым республикэм и прокуратурэр кІэлъоплъ.

ЩІыхуэхэр ирагъэтыж

Лэжьыгъэмкіэ законодательствэр зэрагъэзащІэр Шэрэдж щІыналъэм и прокуратурэм кьипщытащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, Кьарэсу, Бабугент, Аушыджэр кьуажэхэм я курыт еджапІэхэм нэгъабэ и дыгъэгъаззм сом мелуани 5,1-м нэблагъэ улахуэмкІэ щІыхуэу кьатенат.

Къэпщытэныгъэм кьрикІуам ипкъ иткІэ, УФ-м и КоАП и 5.27-нэ статьям и япэ Іыхьэмкіэ (лэжьыгъэмкІэ законодательствэ кьызэрыІэпадам кьыхэкІыу), а щколхэмрэ Шэрэдж щІыналъэ администрацэм финансхэмкІэ и управленэмрэ я унафэщІхэм яхуэзэзауэ административнэ Іэхуипл І кьызэІуахащ. Ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжыну кьалэн ящыізыщІ тхьилъхэр еджапІэхэм я унафэщІхэм хуатхащ. Абыхэм кьызэрыщыгъэлъэгъуам тету, кьанэ щымыІэу щІыхуэхэр зытрагъэкІыжащ. Къищынэмыщ Іауэ, сабийхэм якІэлъыплъхэм я щІыхуэу som мин 216-рэ ирагъэпшыныжащ.

ЦІыхухэм зэрызыхуагъэзам кьызэкІыу, Шэрэдж район суд участкэ №1-м и зэзыгъэкІуэ судыщІэм хуагъэхьащ балигъ мыхъуахэр зыпІыжхэм хухахьи хуея som мин 64-р щІыналъэ муниципальнэ администрацэм егъэтэжьыным теухуа иск тхылъу пщыкІуэ.

ТкІийуэ щаІыгъ щІыпІэм - илъэс 12-кІэ

Урысейм и МВД-м и Шэрэдж щІыналъэ Іуэхущапіэм уголовнэ кьэлъыхьуэныгъэмкІэ и кьудамэм оперуполномоченнэу щылажьа, илъэс 27-рэ зи ныбжь Темиралиев Рустам щыпІэ судым и унафэкІэ ягъэтІысащ. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 292-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм щыкъэлъэгъуэ щІэпхьаджагъэ зэрилэжьам кьыхэкІыу (и кьулыкъур гъэпщІагъэкІэ кьызэригъэсэбэнам папщІэ).

СУДЫМ кьызэрихутамкІэ, и мыхьэнэр дригъэкІуеин мурадкІэ, «марихуана» наркотик лІэужьыгъуэм хуэдэ зыІэригъэхьэри, «полицэм и лэжьакІуэхэм кьагъуэтыхункІэ» хуихьумэн хуейуэ и цІыхугъэ Малкандуев Александр сом минищкІэ гурыІуат. А махуэ дыдэм езы Темиралиевым протоколкІэ кьыщІри, наркотикыр кьыІихьжащ, икІи, и щхьэкІэ зрихьэлІэн папщІэ игъэхьэзырауэ, Малкандуевым тхылъ нэпщ Іхуитащ. Иужькіэ, щІэпхьаджагъэ кьыщІигъэща хуэдэу зэригъэпщІа процессуальнэ документхэмрэ рапортымрэ следствэмкІэ Іэнатіэм иритащ. Абыхэм япкъ иткІэ, УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэмкіэ Малкандуев Александр хуэгъэзазэу уголовнэ Іэху кьызэІуахащ (наркотик щхьэхъ куэд хуимыту зэригъэхьэзырам, зэрихьумам папщІэ).

Къэхъуар щызэхагъэхІым, пцІыр кьыщІэщащ. Малкандуевыр нутІыпщыжри, езы оперуполномоченнэм ехьэлІауэ уголовнэ Іуэху кьаІэтащ.

Прокурорым арэзы дэхъури, сурэтым Темиралиев Рустам хуьанШэу кьилъытащ икІи илъэс 12-кІэ игъэтІысащ. Абы тезырыр тКІийуэ щаІыгъ щІыпІэм щрихьэкІыну, кьикІыжа нэужьи, илъэсипщІкІэ кьэрал кьулыкъу ирагъэІыгъынукъым.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущапіэ.

Гуп къыхэхам хагъэхьэ

● Самбэ

Самбэмкіэ Петрозаводск щекІуэкІа урысейпсо чемпионатым Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм дыжьын медалитІ къыщІахьащ.

«КОРАЛЛ» спорткомплексым япэ махуэм къыщызэІуаха турнирым килограмм 74-рэ зи хьэлъагъэм я деж Багъ Олег дыжьын медалыр щызэІэригъэхьащ. Абы командэм кьыдыхэт ди лъахэгъу щІалэ Абазэ Исльам килограммищэ зи хьэлъагъэм я зэпеуэм етІуанэ щыхъуащ.

Урысейм самбэмкІэ и федерацэм кьызэритамкІэ, щІалитІри хагъэхьащ гуп кьыхэхам. Иджы абыхэм Іэмал ягъэтащ ди къэралми дуней псоми щекІуэкІыну зэхьэзэхуэхэм хэтыну.

НАФІЭДЭ Мухьэмэд.

Зэлъахэгъухэр зэрыІыгъщ

● Бэнэкіэ хуит

Красноярск къалэм бэнэкІэ спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ Миндиашвили Георгий и щІэр зезыхьэу дэт академием бэнэкІэ хуитымкІэ щекІуэкІа щІыпІэ зэхьэзэхуэм хэтащ 1996 - 1998 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщІэхэр.

КИЛОГРАММ 84-рэ зи хьэлъагъэм я кІэух зэІущІэм щызэрихьэлІэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щІалэхэу Хъурзокъуэ Астемыррэ Тхьэхъуахъуэ Мухьэмэдрэ. Ауэ аэр щыбанэ алэрыбгъуэм къихьакъым. Ди лъахэгъуэм ядакъым утыкум къихьэу крайм и чемпион щІэ лъапІэм папщІэ зэпэщІэувэну.

Арати, зыми химыгъэщІауэ зэ ахэр кьэнащ. ЕхъулІэныгъэхэр кІэу Хъурзокъуэмрэ Тхьэхъуахъуэмрэ зыкъызэрагъэлъэгъуам папщІэ тІури хагъэхьащ бэнэкІэ хуитымкІэ Красноярск крайм и гуп кьыхэхам.

МАХУЭЩ Шумахуэ.

● Футбол

«Спартак-Налшыкымрэ» «Волга»-мрэ я зэпэщІэтыныгъэр гуащІэт.

ЕтІуанэми арэзы дыкъыщащІ

Крымск къалэм зыщызыгъасэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм етІуанэ зэныбжьэгъугъэ зэІущІэ «Гигант» спорткомплексым вэсэмахуэ щрагъэкІуэкІащ. Иджы абыхэм хьэрхуэрэгъу яхуэхьащ япэ дивизионым щыджэгу Новгород Ищхьэрэ и «Волга»-р.

«СПАРТАК-НАЛШЫКЫМ» и фащэр ящыгъуу мы зэІущІэр къыщІадзащ Антиповым, Кузнецовым, Мурачевым, Дашаевым, Мэшыкъуэм, Гъурфым, Бажэм, Дроздовым, Каркаевым, Дзыхьмыщ Іым, Гугуевым. Иужьк І э абыхэм ящыщ зыбжанэ яхъэжащ Городовойм, Соблыром, Тебэрдым, Семеновым, Ахриевым, Балъкъэрым, Багъэтырым. Зэрынэрылъагъущи, Новороссийск и «Черноморец»-м драгъэкІуэкІа (1:0) япэ зэІущІэм елъытауэ ди тренерхэм зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр футболистхэм халъхьакъым.

Новгород Ищхьэрэм и «Волга»-р япэ дивизионым щыджэгу пэтми, налшыкдэсхэм кьефэкІыкфакъым. Бжьыгъэр кьызэІуахыну лъэныкъуэхэм зэхуэдиз Іэмал яІащ, арщхьэкІэ ахэр кьахуэгъэсэбэпакъым - гъуащхьэхъумэхэмрэ гъуащхьэтетхэмрэ зэхъыфІащ. Арати, 0:0-у зэхьэрэхуэрэгъуэр зэбгъэдэкІыжащ.

Кьежьэжьи и пэ кьихуэу «Спартак-Налшыкым» иджыри зы зэныбжьэгъугъэ зэІущІэ Крымск къалэм щригъэкІуэкІынущ. Абы иужькІэ мазаем и 20-м ди щІалэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм кьагъэзэжынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Я щІэныгъэм хагъахъуэ

Щіалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкІэ республикэ уардэунэм и бжэр тІошІрэ етхуанэу хузэІуахащ «СИГМА» щІэныгъэ конференцым хэтыну гукъыдэж зиІэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ кьрихьэлІахэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Кирин Александр, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Башиевэ Светланэ, КъБКъМУ-м и проректор Езауэ Анзор, КъБКъУ-м и проректор Барасбиев Муслим сымэ.

Конференцыр сэбэнщ школакІуэхэр щІэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэм дегъэхьэхынымкІэ. Мы гъэм ар Іыхьитіу гуэшауэ екІуэкІащ: очнэрэ заочнэу.

Заочнэ Іыхьэм лэжьыгъэ 231-рэ кьаГъэхьати, къэпщытакІуэхэм нэхъыфІи 167-рэ кьыхахащ, очнэ турым и секцэ 20-м щыпхъажьі хъуну кьалъытэри. Абы и къэпщытакІуэхэт Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым, абы и Педагогикэ институтым, Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкъумэш университетым, Кавказ Ищхьэрэм Гъуаздджэхэмкіэ и институтым, УФ-м и МВД-м и Краснодар университетым Налшык щиІэ и Къэпкъым и егъэджакІуэ пажэхэр, щІэныгъэрыдажьэхэр.

Зэхьэзэхуэр иуха ноужь, лэжьыгъи 167-м ящыщу япэ увыпІэр хуагъэфэщащ секцэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхэжаныкІа 20-м. ЕтІуанэ хъуащ еджакІуэ 22-м я Іэдакъэщіэкіхэр. Ещанэ увыпІэр зыІэрагъэхьащ сабий 19-м. Абыхэм кьищынэмыщІауэ, щІэныгъэ. Щ Іэнхабзэ» урысейпсо конференцым ирагъэхь хъуну лэжьыгъиихи кьыхаХащ.

Къэпщытакіуэхэм кьызэрыхагъэщащи, школакІуэхэр я щІэныгъэм хагъахъуэмэ яфІэфІу, хуабжьу дихьэхыу бгъэдэтащ мы Іуэхум.

Тхыгъэри сурэтри **ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ** *ейщ.*

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), ЖЬэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●